

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Aya opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita. Éta jalma dianggap parigel ngagunakeun basa lamun éta jalma téh mampuh ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita.

Tina éta opat kaparigelan basa, salasihiji anu kacida pentingna nya éta kaparigelan dina nulis. Kaparigelan nulis penting pisan pikeun kahirupan manusa jaman kiwari, sabab nulis mangrupa alat pikeun komunikasi sacara teu langsung anu diébréhkeun ngaliwatan média tinulis. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Tarigan (2008, kc. 3) yén nulis mangrupa salasihiji kaparigelan basa anu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung jeung jalma séjén.

Kagiatan nulis bisa ditingali tina aspék sajarah urang Sunda ti jaman baheula dina wangun aksara, anu disebut aksara Sunda. Aksara Sunda mangrupa salasihiji kabudayaan Sunda dina wangun tulisan atawa tradisi tulisan anu geus aya ti jaman karuhun urang Sunda baheula, saperti tulisan aksara Sunda nu aya dina naskah-naskah atawa dina prasasti.

Aksara Sunda digunakeun ti abad ka-16. Ieu hal dumasar naskah-naskah Sunda nu aya saperti *Bujangga Manik*, *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*, *Sewaka Darma*, *Ratu Pakuan*, jeung *Carita Parahiyangan*. Aksara Sunda miboga variasi bentuk. Dumasar naskah-naskah, tuluy dina taun 2003 dikembangkeun aksara Sunda pikeun dikenalkeun ka siswa (Ruhaliyah, 2012, kc. 2).

Dumasar kana runtuyan aksara nu aya di tatar Sunda, kapanggih aya genep modél aksara nu kungsi digunakeun ku masarakatna, nya éta aksara *Pallawa Nagari*, *Jawa Kuno*, *Sunda buhun*, *Arab (Pégon)*, *Cacarakan (Jawa-Sunda)*, jeung *Latin* (Suryani, 2011, kc. 6).

Aksara Cacarakan téh mangrupa aksara anu *diadopsi* ku urang Sunda tina aksara Jawa Modéren. Nepi ka antukna masarakat Sunda nganggap yén aksara Cacarakan téh nya éta aksara urang Sunda. Balukarna masarakat Sunda leuwih

ISNI NURSAMSIATI ASRI, 2015
MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaho jeung leuwih apal kana aksara Cacarakan tapi teu nyaho kana aksara Sunda sorangan.

Aksara Sunda mangrupa hasil karya urang Jawa Barat, tangtu waé urang salaku ra'yat Jawa Barat dipiharep pisan bisa nulis jeung maca aksara Sunda, hususna dina widang atikan, boh nu ngajar boh nu diajar.

Salasahiji tarékah pikeun ngawanohkeun aksara Sunda dina widang atikannya éta ku cara ngalarapkeun dina pangajaran. Saluyu jeung Kompetensi Inti dan Kompetensi Dasar (KIKD) Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda dina Kurikulum 2013, pangajaran aksara Sunda bisa dilarapkeun pikeun kaparigelan nulis siswa SMA/SMK/MA kelas X (Pergub Jabar, 2013, kc. 28).

Ku ayana pangajaran aksara Sunda di sakola-sakola, dipiharep siswa bisa nulis aksara Sunda kalayan bener jeung bisa ngalarapkeun dina pangajaran nulis anu séjénna saperti nulis naskah biantara maké aksara Sunda, nulis carita pangalaman maké aksara Sunda, jeung sajabana.

Aya faktor nu jadi bangbaluh dina pangajaran nulis aksara Sunda, nya éta faktor ti siswa jeung faktor ti guru. Faktor ti siswa nya éta kurangna kamampuh dina nulis aksara Sunda jeung kurang motivasi pikeun diajar nulis aksara Sunda. Faktor ti guru nya éta kurangna kamampuh guru dina milih métode pangajaran, nu antukna guru ngan ukur maké métode ceramah wungkul dina proses pangajaran. Saenyana, hal siga kitu bisa ngabaluarkeun prosés diajar aksara Sunda henteu kondusif sarta hasilna kurang nyugemakeun. Padahal réa pisan métode pangajaran anu bisa dipaké salian ti métode ceramah, di antarana waé métode tanya jawab, métode diskusi, métode kerja kelompok, simulasi, démonstrasi, métode multisénsori jeung réa-réa deui.

Ku sabab ayana bangbaluh-bangbaluh di luhur, hususna bangbaluh anu karandapan ku guru sorangan, guru kudu bisa maké hiji métode pangajaran anu alus sangkan prosés pangajaran bisa leuwih hadé jeung éféktif sarta saluyu jeung tujuan anu dipiharep.

Salasahiji modél pangajaran anu bisa dipaké nya éta modél pangajaran *Student Team Achievement Divison (STAD)*. Modél STAD mangrupa hiji métode

pangajaran kooperatif nu alus pikeun guru sangkan bisa ngalarapkeun pangajaran aksara Sunda sacara sederhana kalawan éféktif.

Dina modél pangajaran STAD, aya lima komponén utama nya éta, penyajian di kelas, diajar kelompok, kuis, skor perkembangan jeung penghargaan kelompok atawa ngajén kelompok. Guru jeung siswa miboga peran anu aktif salila prosés pangajaran. Ku kituna, ieu modél pangajaran dipiharep bisa ngirut minat siswa sangkan bisa nulis aksara Sunda jeung méré motivasi sangkan bisa leuwih aktif dina prosés diajar nulis aksara Sunda.

Modél pangajaran STAD leuwih museur kana bentuk kelompok. Ieu modél pangajaran bisa dilarapkeun ogé dina pangajaran nulis aksara Sunda, sabab aya léngkah-léngkah anu bisa mantuan siswa sangkan kabéh siswa bisa ngawasa nulis aksara Sunda. Kelompok anu dibentuk mangrupa kelompok anu hétérogén, hartina dina hiji kelompok téh kabéh komponén aya, siswa nu pinterna aya, siswa nu teu bisana aya, jeung nu lianna ogé aya. Di dieu siswa anu ngarasa bisa jeung ngawasa kana aksara Sunda kudu bisa mantuan ka anggota séjénna sangkan kabéh anggota di kelompokna ogé bisa ngawasa aksara Sunda, kalayan miboga hasil anu nyugemakeun.

Panalungtikan ngeunaan pangajaran aksara Sunda geus loba dilaksanakeun, di antarana waé ieu di handap.

- 1) Andi Gita Lesmana, judul skripsina “Éféktivitas Modél Nulis Kalimah dina Pangajaran Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Mesin 1 SMK Al-Falah Kota Bandung Taun Ajaran 2010-2011)”.
- 2) Dede Riza Nurjaman, judul skripsina “Éféktivitas Méthode Latihan pikeun Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén di Kelas X SMA Negeri 10 Bandung Taun Ajaran 2011-2012).
- 3) Septian Adi, judul skripsina “Méthode Pangajaran Multisénsori dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung).

Bédana jeung panalungtikan saacanna, ieu panalungtikan leuwih museurkeun kana model STAD anu digunakeun dina pangajaran nulis aksara

Sunda. Ku kituna, dumasar kana kasang tukang masalah di luhur ieu panalungtikan dijudulan *MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA* (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur Taun Ajaran 2014/2015).

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah dina ieu panalungtikan, di antarana ieu handap.

- 1) Kurangna kamampuh siswa pikeun diajar aksara Sunda.
- 2) Cara ngajar nu dipaké kurang ku guru kurang ngirut ka siswa.
- 3) Kurangna kamampuh guru dina milih modél pangajaran.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur saméméh ngagunakeun modél diajar STAD?
- 2) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur sabada ngagunakeun modél diajar STAD?
- 3) Naha aya béda nu signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur saméméh jeung sabada ngagunakeun modél diajar STAD?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan panalungtikan ieu téh pikeun mikanyaho jeung ngadéskrripsikeun béda signifikan modél pangajaran *Student Team Achievement Division (STAD)* saméméh jeung sabada dilarapkeun, pikeun ningkatkeun

kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan husus, nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur saméméh ngagunakeun modél pangajaran STAD,
- 2) kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur sabada ngagunakeun modél pangajaran STAD, jeung
- 3) béda signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur saméméh jeung sabada ngagunakeun modél STAD.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan kabagi kana dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa méré sumbangan pamikiran jeung informasi pikeun sistem atikan, hususna dina milih modél pangajaran anu éféktif dina pangajaran nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis di luhur, aya ogé sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, nya éta:

1) Pikeun Siswa

Ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat pikeun siswa anu miboga masalah dina dina pangajaran nulis aksara Sunda, panalungtik ngalarapkeun modél diajar STAD kalayan miboga harepan sangkan siswa bisa kamotivasi sarta daék diajar nulis aksara Sunda anu bener tur merenah.

2) Pikeun Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh hiji modél pangajaran nu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda.

3) Pikeun nu maca

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ka nu maca, husuna ngeunaan éféktifitas modél STAD pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

4) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh kaéféktifan modél STAD dina pangajaran nulis aksara Sunda.

1.5 RaragaTulisan

Bab I minangka bab anu medar kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta struktur organisasi penulisan.

Bab II minangka bab anu ngabahas tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan tiori nulis, aksara Sunda, jeung model STAD. Salian ti éta, aya ogé raraga mikir jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III minangka bab anu ngabahas métodologi dina ieu panalungtikan, anu ngawengku sumber data panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan opresional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data

Bab IV minangka bab anu ngabahas hasil panalungtikan. Dina ieu bab sagemblengna diébréhkeun tina hasil panalungtikan.

Bab V minangka bab anu medar kacindekan jeung saran. Kacindekan maparkeun tina hasil panalungtikan. Saran miboga tujuan pikeun kahadéan kahareupna.